

Fòm Konsantman Project COVID DeteCT Progressive

Tès gratis nan lekòl pou elèv ki pa vaksinen yo pral ogmante dire aprantisaj an pèsòn lan nan detekte, swiv, ak izole rapidman moun ki pozitif pou COVID-19 yo. Tès COVID-19 lan pral pèmèt bese risk transmisyon an epi pèmèt yon aksè ki plis regilye nan aprantisaj an pèsòn elèv yo. Fòm konsantman sa pral kouvari dire Project COVID DeteCT (Pwojè COVID DeteCT) la.

Kisa tès lan ye?

Tès la se yon tès koton tij pou nen (yon tès non envazif anndan nen) epi ap dire sèlman kèlke segond sèlman pou prelevman an fèt. Se yon metòd prelevman non envazif.

Èske yo pral pataje enfòmasyon sa?

Enfòmasyon sa pral pataje sèlman pou itilizasyon sante publik, sa ki kapab enkli notifye kontak rapwoche ptit ou si li te ekspose ak COVID-19 epi swiv lòt etap yo pou anpeche nouvo pwopagasyon COVID-19 nan kominate skolè a. Pataj enfòmasyon konsènan ptit ou an pral fèt an akò ak lwa epi politik vil lan ki aplikab nan pwoteksyon vi prive elèv ak sekirite sou enfòmasyon ptit ou.

Enfòmasyon sou Elèv: Obligatwa	
Non Elèv:	Dat Nesans
Adrès:	Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Lòt
Ras (opsyonèl): <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Natif Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Natif Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Awayen/Natif Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Awayen/Natif Zile Pasifik	Gwoup etnik (opsyonèl): <input type="checkbox"/> Ispanik/Latino <input type="checkbox"/> Pa Ispanik/Latino
Lekòl:	Nivo Klas:
Enfòmasyon Paran/Gadyen: Obligatwa pou reponn	
Non Paran/Gadyen (Tanpri Ekri)	# Telefòn Paran/Gadyen
Imèl Paran/Gadyen:	

KONSANTMAN

Distrik nan lokalite lekòl ptit mwen, an kolabarasyon akConnecticut Department of Public Health, (DPH, Depatman Sante Publik Connecticut) ap organize tès sa yo ansanm ak Progressive Diagnostics, epi DPH ap peye tès lan pou mwen. Lè mwen ranpli epi soumet fòm sa, Mwen konfime ke mwen se paran, gadyen, oswa moun ki otorize legalman pou bay konsantman epi:

- Mwen konprann ke tès sa kapab kreye protected health information, PHI (enfòmasyon pwoteje sou sante) pou ptit mwen. Mwen otorize Progressive Diagnostics, ak filial epi konpani asosye li yo, pou pataje PHI sa yo bay DPH ak distrik lekòl ptit mwen an.
- Mwen otorize prelevman ak tès COVID-19 PCR an gwoup, epi tès PCR molekilè endividiyèl chak semèn jan sa aplikab, sou ptit mwen ki pa vaksinen pandan lè lekòl yo, pou pwogram tès sa.
- Mwen konprann ke tip prelevman tès sa pral yon tès nan nen ak yon koton tij (yon tès non envazif anndan nen an) epi ap dire sèlman kèlke segond sèlman pou prelevman.
- Mwen konpran ke yo pral avize m sou rezulta nènpòt tès PCR an gwoup oswa endividiyèl ki POZITIF. Rezulta negatif lan ap disponib sou pòtay sekirize ptit mwen an.
- Kèlkeswa rezulta tès lan, elèv yo DWE respekte tout rekòmandasyon sou sekirite pou COVID-19 lan, ki gen ladann mete mask ak distansyasyon sosyal, epi swiv pwotokòl lekòl la konsènan izòlman ak fè tès sizoka elèv la ta devlope sentòm COVID-19 yo.
- Mwen konprann ke ptit mwen dwe rete lakay li si li pa santi li byen. Mwen rekonèt ke yon rezulta tès pozitif se yon endikasyon ke ptit mwen dwe rete lakay li, an izòlman, epi kontinye mete mask oswa kouvèti vizaj jan sa rekòmande pou evite enfekte lòt moun. Ekip rechèch kontak distrik lan ap bay dat izòlman yo.
- Mwen konprann ke sistèm lekòl lan p ap aji antan ke founisè medikal ptit mwen, tès sa pa ranplase trètman founisè medikal mwen, epi mwen asume tout responsabilite pou pran dezisyon kòrèk konsènan rezulta tès ptit mwen. Mwen dakò pou mwen al chèche konsèy, swen ak tretman medikal nan men founisè medikal ptit mwen si mwen gen kesyon oswa enkyetid, oswa si kondisyon li ta vin pi mal. Mwen konprann ke mwen responsab finansyèman pou nènpòt swen ptit mwen resevwa nan men founisè swen sante li.
- Mwen konprann ke bay otorizasyon m pou yo fè tès sa yo pou ptit mwen ki poko vaksinen opsyonèl e ke mwen ka refize bay konsantman m, nan ka sa, yo p ap fè tès pou ptit mwen.
- Mwen konprann ke mwen ka chanje lide epi anile konsantman sa nènpòt kilè, men anilasyon sa se ap pou nouvo enfòmasyon yo, li p ap afekte enfòmasyon mwen te déjà bay konsantman m pou yo pataje yo.

Siyati Gadyen (Obligatwa):	Dat:
-------------------------------------	------